# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Халық билимлендириў министрлиги тараўындағы мәкемелердиң буйыртпалар системасын аудиттен өткериў ҳаққында**

Өзбектстан Республикасы Президентиниң «Жергиликли ислеп шығарыўшыларды қоллап-қуўатлаўға тийисли қосымша ис-иләжлар ҳаққында»ғы 2020-жыл 21-августтағы ПҚ-4812-санлы қарарының ҳәмде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 10-сентябрьдеги «Халық билимлендириў министрлиги тараўындағы мәкемелрдиң буйыртпалар системасын аудиттан өткериў ҳаққында»ғы 292-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 10-сентябрьдеги 292-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.
2. Өзбектстан Республикасы Президентиниң «Жергиликли ислеп шығарыўшыларды қоллап-қуўатлаўға тийисли қосымша ис-иләжлар ҳаққында»ғы 2020-жыл 21-августтағы ПҚ-4812-санлы қарары орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде министрлик тараўында мәкемелердиң буйыртпалар тараўын аудиттан өткериў жумыслары әмелге асырылыўы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.
3. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Буйыртпалар комиссиясы тәрепинен министрлик системасында мәкемелердиң буйыртпаларын аудиттан өткериў бойынша жеңип шыққан мәкеме анықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.
4. Министр орынбасары ў.ў.а (И.Балтабаев) ҳәм Бухгалтериялық есап ҳәм мәмлекетлик буйыртпалар бөлими (Г.Бекмуратова)не:

халық билимлендириў тараўындағы мәкемелердиң буйыртпалар системасын аудиттен өткериў жумысларына жуўапкер ҳәмде жеңип шыққан мәкемеге жумысты сыпатлы өткериў ҳәм белгиленген мүддетте жуўмақлаў ушын зәрүр болған барлық шәрт-шәраятларды жаратыў ўазыйпасы жүклетилсин.

5. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери басшыларына ҳәмде республикалық бойсыныўындағы билимлендириў мәкемелери басшыларына:

халық билимлендириў тараўындағы мәкемелердиң буйыртпалар системасын аудиттен өткериў жумысларына зәрүр болған барлық ҳүжжетлерди усыныў тапсырылады.

6. Халық билимлендириў тараўындағы реформаларға көмеклесиў қоры Кеңесиниң 2021-жыл 7-июньдагы 59-санлы мәжлис баянында министрлик тараўындағы мәкемелердиң буйыртпалар системасын аудиттан өткериў мақсетинде аудит хызметлерин сатып алыў ҳәм усы процесске байланыслы қәрежетлерди қордың қаржылары есабынан қаржыландырыў бойынша тийисли қарар қабыл етилгенлиги мағлыўмат ушын кабыл етилсин.

7. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды өзимде қалдыраман..

**Тийкар:** Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 10-сентябрьдеги 292-санлы буйрығы.

**Министр** **Р. Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл «17» 09
№ 207/1